



Fiat
Ewoup Tou Heup

GID

**POU KONDUI RANKONT KOUP YO CHAK
MWA NAN PAWAS NOU**

Copyright© Annunciation Ministries 2017. All rights reserved.

 **Annunciation**
Ministries
EVANGELIZATION THROUGH MARRIAGE 

REZIME

Gwoup Pou Koup Fiat la se yon ti ekip koup ki marye (4 a 8 koup) ki rankontre yon samdi swa pa mwa (kay yon moun difereran chak fwa) pou yo pataje lafwa yo e manje ansanm. Pè ki sou pawas la kapab pasitipe nan rankont yo si posib.

Se yon tan pou lapriyè epi selebre. Lè koup yo rankontre ansanm, sa ede ranfòse relasyon yo youn ak lòt, ogmante lafwa yo, nourri nanm yo, e jwi eksperyans tèt ansanm nan.

Priyè a kapab dire inè de tan a inè edmi de tan konsa. Li genyen ladan l lekti Levanjil dimanch lan, priyè remèsiman ak priyè demann. *Gid Lapriè Koup Fiat* la bay tout datay sou fason nou dwe fè priyè yo.

Nap fini sware a ak yon dine kote chak moun ap pote yon bagay. Moun k ap resevwa a gen responsablite pou ofri pla prensipal yo epi chak lòt koup ap pote yon ti pla. Chak mwan rankont *Fiat Gwoup Pou Koup* yo ap fèt kay yon koup diferan.

Pou plis enfòmasyon, silvouplè kontakte *Annunciation Ministries* (Ministè Anonsiyasyon) nan

www.AnnunciationMinistries.com/FiatCouplesGroup.

Si w kòmanse yon nouvo *Gwoup Pou Koup Fiat*, tanpri enskri gwoup la avèk nou nan www.AnnunciationMinistries.com. Enskripsyon an pa yon obligasyon, men nou ankouraje w anpi pou w fè l. Se yon fason pou tout gwoup yo kapab rete konekte youn ak lòt, pou youn kapab sipòte lòt. N ap kenbe w nan lapriyè e nou swete ministè sa a se yon sous lagras nan lavi w.

Sensèman,

Ekip nan *Minist Anonsiyasyon*
(*Annunciation Ministries*)

7 ETAP POU KONDUI RANKONT

Gwoup Pou Koup Fiat

CHAK MWA NAN PAWAS

- 1. Rankontre ak kire a pou li ba w pèmision.** Menm lè gwoup la rankontre lakay yon koup, li konsidere kòm yon ministè sou pawas la. Kidonk, kire a dwe okouran de li epi bay pèmision pou l fonksyone. Kire a (ansanm ak lòt pè yo) sipoze konnen orè final la e yo dwe resevwa yon envitasyon pou vini nan rankont yo lè sa posib pou yo.
- 2. Envite kat (4) a uit (8) koup pou fè pati gwoup la.** Ou kapab pataje adrès entènèt sa a www.AnnunciationMinistries.com ak sila yo ou envite yo pou yo kab gen yon lide de sa k ap fèt nan gwoup la. Avèti koup yo sou dat premye reyinyon an epi mande chak koup pou pote yon ti pla pou nou kab manje ansanm.
- 3. Materyèl pou Reyinyon yo.**
 - Gid Lapriyè Gwoup pou Koup Fiat.* Achte ase pou chak koup kapab gen youn. Ou kapab achte yon pake epi pote yo chak fwa nou pral nan reyinyon lakay yon koup, oubyen nou kab achte ase gid yon fason pou chak koup gen ase kopi lakay yo. Nou kab kèmande gid priyè yo nan www.AnnunciationMinistries.com.
 - Bib ki gen Levanjil Dimanch lan tou make ladan l
 - Bouji ak brikè oswa alimèt
 - Bagay pou pase pandan lapriyè a (Bib, Kwa, Eskilti Maryaj Misyonè, oswa lòt atik relijye)
- 4. Kondui Premye Rankont Lan.**

Se lè sa yo nou rekòmande. Men ou kapab toujou fè aranjman pou fè rankont yo dapre bezwen gwoup la.

7:00pm	Tout moun rive epi nou pran yon ti goute
7:30pm	Priyè a Kòmanse (sui sa ki di nan <i>Gid Priyè Gwoup pou Koup Fiat</i> la)
8:30pm	Dine ak sosyalizasyon
- 5. Planifye Pwochn Rankont yo.** Nan premye reyinyon an, mete yon ti tan apa pou planifye ki lè n ap fè lòt rankont lan. Ou sipoze pran dat pou omwen si mwa k ap vini yo, ou byen yon lane. Nou rekòmande pou w pran menm semèn nan chak mwa, tankou pa ekzanp, chak premye samdi nan mwa a. Sa ap ede moun yo sonje epi planifye tan yo dapre angajman yo pran pou fè pati gwoup sa a. Lè nou fin chwazi dat yo se pou nou respekte yo. Sepandan, si ta gen yon bon kantite koup ki pa kapab vini nan yon mwa, nou kapab ranvwaye reyinyon an pou yon lòt semèn.
- 6. Kreye yon Kalandriye.** Apre premye renkont lan, kreye yon kalandriye ki gen landan l kay ki moun n ap reyini e ki pla chak moun ap pote. Gen yon modèl kalandriye pi ba a. Nou kapab telechaje yon kalandriye vid nan www.AnnunciationMinistries.com.
- 7. Enskri gwoup ou a nan www.AnnunciationMinistries.com.** Enskripsyon an pa yon obligasyon, men li rekòmande. Se yon fason pou tout gwoup yo kapab rete konekte youn ak lòt, pou youn kapab sipòte lòt. N ap kenbe w nan lapriyè e nou swete ministè sa a se yon sous lagras nan lavi w.

MODÈL KALANDRIYE

Modèl sa a se sèlman yon gid ki pou ede w. Ou kapab modifiye l dapre kantite koup ou genyen. Si Gwoup Pou Koup Fiat ou a pi piti, ou kab chwazi yon sèl goute oubyen yon sèl ti pla, eksetera. Si gwoup la pi laj, ou kapab ajoute plis pla oubyen tout koup pa bezwen pote manje. Si ou bezwen telechaje yon kalandriye vid pou w itilize, tanpri vizite www.AnnunciationMinistries.com.

	Janvyè	Fevriye	Mas	Avril	Me	Jen	Jiyè	Out
Koup 1	Koup K ap Resevwa a Pla Prensipal	Dessert	Ti Pla	Ti Pla	Goute	Goute	Goute	Pen & Diven
Koup 2	Pen & Diven	Koup K ap Resevwa a Pla Prensipal	Dessert	Ti Pla	Salad	Salad	Goute	Goute
Koup 3	Goute	Pen & Diven	Koup K ap Resevwa a Pla Prensipal	Desè	Ti Pla	Ti Pla	Salad	Goute
Koup 4	Goute	Goute	Pen & Diven	Koup K ap Resevwa a Pla Prensipal	Ti Pla	Ti Pla	Ti Pla	Salad
Koup 5	Salad	Goute	Goute	Pen & Diven	Koup K ap Resevwa a Pla Prensipal	Desè	Ti Pla	Ti Pla
Koup 6	Ti Pla	Salad	Goute	Goute	Pen & Diven	Koup K ap Resevwa a Pla Prensipal	Desè	Ti Pla
Koup 7	Ti Pla	Ti Pla	Salad	Goute	Goute	Pen & Diven	Koup K ap Resevwa a Pla Prensipal	Desè
Koup 8	Desè	Ti Pla	Ti Pla	Salad	Goute	Goute	Pen & Diven	Koup K ap Resevwa a Pla Prensipal